



**PWOSÈ-VÈBAL OFISYÈL REYINYON ADISTANS LAN
REYINYON KOMITE LEKÒL BOSTON**

27 Avril 2022

Komite Lekòl Boston an te fè yon reyinyon nan dat 27 Avril 2022 a 6 è nan aprè midi sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan lis bagay ki anba yo, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, voye yon imèl nan feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite Lekòl ki prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran; ak Reprezantan Elèv Xyra Mercer.

Manm Komite Lekòl ki Absan: Lorena Lopera.

DOKIMAN KI TE PREZANTE YO

Kalandriye

Pwosè-vèbal Reyinyon yo: 6 Avril 2022

Sibvansyon pou Apwobasyon ki Totaliye \$2,509,703

Peman pwovizwa Salè ak moun ki pa anlwaye sou Fon Ekstèn

Renouvèlman Kontra Transpò Transdev

2022 Revize Otorite Bilding Lekòl Massachusetts (MSBA) Pwojè Reparasyon Akselere

Pwojè debaz 2022 Otorite Bilding Lekòl Massachusetts (MSBA).

Deklarasyon Enpak sou Ekite Lekòl Mission Hill

Rapò Ijans Revizyon Kalite Lekòl Mission Hill

Rapò kkri Mission Hill Coffey

27 Avril 2022

Hinckley Allen Faz I Rapò Ekri BPS 4 28 22

BAY LÒD POU KÒMANSE

Prezidan Jeri Robinson te mande pou reyinyon an kòmanse epi li te dirije sèman fidelite a. Madam Sullivan te fè apèl la. Madam Lopera te absan. Mesye Cardet-Hernandez te rive yon ti tan apre apèl. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te di reyinyon aswè a t ap retransmèt an dirèk sou Zoom. Li pral repase sou Televizyon Vil Boston Li pral poste tou sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou YouTube. Li te anonse gen sèvis entèpretasyon an menm tan ki disponib nan lang Espagnyòl, Kreyòl Ayisyen, Cabo Verdean, Vyètnamyen, Kantonèz, Mandaren ak Lang Siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo te prezante tèt yo epi yo bay enstriksyon nan lang natif natal yo sou fason pou jwenn aksè nan entèpretasyon k ap fèt an menm tan yo lè yo chanje chèn Zoom nan. Yo te poste dokiman tradwi reyinyon yo sou www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee anvan reyinyon an te kòmanse

APWOBASYON PWOSE-VÈBAL REYINYON

Apwouve – Nan apèl nominal, tout Komite a te apwouve pwosè-vèbal reyinyon Komite Lekòl 6 Avril 2022 a.

RAPÒ DIREKTÈ JENERAL LA

Prezidan Robinson te anonse Direktè Jeneral la ap ranvwaye rapò li akòz konpliksite kalandriye a.

RAPÒ

Mizajou ak Rekòmandasyon Mission Hill k-8 School pou Ane Eskolè 2022-2023 - Direktè Jeneral Akademik Adjwen an Drew Echelson te bay yon rezime yon rapò Direktè Jeneral la te bay lòd fè e kabinè avoka Hinckley Allen Boston nan te aksepte, dekri yon rapò sou elèv ki sistematik e ki gaye tout kote anrapò ak move konduit seksyèl ak fizik elèv ki te kòmanse depi 2014. Rapò a konkli lekòl la pa t abòde pwoblèm grav sa yo kòm sadwa e li konfime plizyè echèk nan rapò sistematik anplwaye lekòl yo. Nan dènye ane ki pase yo jounal te rapòte kèk nan ka ki te dekri nan ankèt la.

Direktè Jeneral la te di apre yon revizyon konplè rapò Hinckley Allen la, yon Revizyon Kalite Lekòl ki te fèt gras ak devwa lekòl, epi ak bon jan konsiderasyon sou tout opsyon ki posib yo, li ap rekòmande Komite Lekòl Boston an pou fèmen Mission Hill K-8 School nèt nan fen ane akademik sa a. Li te anonse Komite Lekòl la pral òganize yon reyinyon espesyal nan dat 5 Me 2022 pou vote sou rekòmandasyon an.

27 Avril 2022

Direktè Jeneral Lekòl Elemantè Grace Wai, ki t ap sipòte Mission Hill k-8 School ane akademik sa a, te esplike sipò distri a te bay lekòl la jiskaprezan, ansanm ak sipò tranzisyonèl pou avanse pi devan. BPS te mete yon ekip tranzisyon an plas ki pral travay ak chak fanmi pou asire yon tranzisyon san pwoblèm nan yon nouvo kominote lekòl pou pwochen ane lekòl la.

Madam Robinson te eksprime enkyetid li sou rapò a epi li te fè lwanj fanmi Mission Hill yo pou kouraj yo te demontre lè yo te ofri tèt yo. Li te di rapò konplè, ki redije a te fèk pataje ak Komite a, ki pral evalye l kounye a totalman ak anpil atansyon, ansanm ak rekòmandasyon Direktè Jeneral la. Li te aprese kòmantè kominote Mission Hill la. Madam Robinson te asire byenke Komite a pral pridan epi presi nan travay li pou trete totalman rapò a ak rekòmandasyon an, li pral avanse tou volontèman epi avèk rapidite. Li te note fanmi yo bezwen asirans, distri a dwe pran responsabilite l, epi kominote a bezwen solisyon.

Direktè Jeneral la te anonse nan jou k ap vini yo, fanmi Mission Hill yo envite nan plizyè reyinyon kominotè, kote yon ekip tranzisyon pral pataje plis enfòmasyon sou pwosesis enskripsyon an epi ede fanmi yo chwazi yon lekòl ki pi byen satisfè bezwen yo, ki gen ladan lekòl kalite siperyè nan Jamaica Plain.

Mesye Cardet-Hernandez te pale sou echèk granmoun yo paske yo pa fè pyès aksyon epi yo manke pran responsabilite. Li te remèsye Direktè Jeneral la paske li te rezoud pwoblèm nan. Li te pale sou enpòtans pou rejwenn konfyans ak fanmi yo.

Doktè Alkins te remèsye Direktè Jeneral la paske li te pote limyè sou enkyetid sa yo. Li te note sipò pou kontinye avanse pral enpòtan pou fanmi ki afekte yo.

Madam Polanco Garcia te remèsye fanmi ki te ofri tèt yo ansanm ak Direktè Jeneral la dèske yo te kòmanse ankèt la.

KÒMANTÈ GRAN PIBLIK LA

Moun sa yo te temwaye pou sipòte agrandisman klas PA Shaw School la:

- Konseye Minisipal vil Boston at-Large Julia Mejia
- Brenda Ramsey, rezidan Dorchester ak paran Shaw School
- Tracy Curtin, rezidan Jamaica Plain ak pwofesè Shaw School

Moun sa yo te temwaye an favè Egzijans Kontra Ekite nan Lojman Sendika Pwofese Boston yo.

- Ana Shapiro, rezidan Jamaica Plain ak pwofesè Charlestown High School
- Ann Finkel, rezidan Brookline ak pwofesè McKay K-8 School
- Lauren Ainsworth, pa rezidan Boston ak pwofesè BPS
- Madison Morley, rezidan Brookline ak pwofesè Orchard Gardens K-8
- Emoro Efetie, rezidan Roxbury ak pwofesè BPS
- Daniela Petuchowski, rezidan Jamaica Plain ak pwofesè McKay K-8 School
- Ana Lanas, rezidan Fenway ak pwofesè Everett Elementary School
- Shakeeda Bartee, rezidan Dorchester ak pwofesè UP Academy Boston

27 Avril 2022

Moun sa yo te temwaye konsènan rekòmandasyon Direktè Jeneral la pou fèmèn Mission Hill K-8 Pilot School nan fen Ane Eskolè 2021-2022 a:

- Leila Parks, rezidan Jamaica Plain epi pwofesè ak paran Mission Hill K-8 School
- Andrew Iliff, rezidan Jamaica Plain ak paran Mission Hill K-8 School
- Alison Cox, rezidan Jamaica Plain ak paran Mission Hill K-8 School
- Michael Heichman, rezidan Dorchester ak manm Alyans Ekite Edikasyon Boston
- Heidi Lyne, rezidan Dorchester ak pwofesè fondatè Mission Hill K-8 School
- Tim Klein, rezidan Jamaica Plain ak paran Mission Hill K-8 School
- Asha Leray, pa rezidan Boston, paran ansyen Mission Hill K-8 School
- Deborah Meier, rezidan Hillsdale, NY ak fondatè Lekòl Mission Hill la
- Emily Gasoi, pa rezidan Boston ak pwofesè fondatè Mission Hill K-8 School
- Carolyn Shadid Lewis, rezidan Jamaica Plain ak paran Mission Hill K-8 School
- Toyoko Orimoto, rezidan Jamaica Plain ak paran Mission Hill K-8 School

Moun sa yo te temwaye konsènan kote lokal lekòl Horace Mann pou moun ki soud ak moun ki mal pou tande yo ap ye alavni:

- Martha O'Brien, rezidan West Roxbury ak pwofesè Horace Mann
- Brian Gibson, rezidan Framingham ak pwofesè Horace Mann

Moun sa yo te temwaye konsènan agrandisman klas 6yèm ane Sumner Elementary School la:

- Elizabeth Ferrenz, rezidan Roslindale ak paran Sumner Elementary School
- Lauren Peter, rezidan Roslindale ak paran Sumner Elementary School

Moun sa yo te temwaye an favè aepwaye pwofesè Nathan Hale Elementary School Nathan Aaliyah Turner:

- Mark Schafer, rezidan Roxbury ak paran Hale Elementary School
- Allise Montgomery, rezidan Dorchester ak paran Hale Elementary School

Edith Bazile, rezidan ak defansè Hyde Park, te temwaye konsènan edikasyon espesyal.

Sharon Hinton, rezidan ak defansè Hyde Park, te temwaye konsènan pwotokòl akò distri a ak Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè MA (DESE) ak pwosesis rechèch Direktè Jeneral la an.

Ruby Reyes, rezidan Dorchester ak direktè egzekitif Alyans Ekite Edikasyon Boston, te temwaye konsènan transparans.

Shery Keleher, rezidan Charlestown ak paran BPS, te temwaye konsènan yon kantite pwoblèm edikasyon.

Kerith Conron, rezidan Roslindale ak paran JP Manning School, te temwaye konsènan enkyetid sou brimad.

Sharon Daura, rezidan Roslindale ak paran JP Manning School, te temwaye konsènan edikasyon espesyal.

27 Avril 2022

Mary Lee Marra, rezidan Hyde Park, te temwaye konsènan pwosesis rechèch Direktè Jeneral la an.

TRAVAY ESPESIFIK YO

Apwouve - Nan apèl, tou Komite a te apwouve Sibvansyon pou Apwobasyon ki totalize \$2,509,703.

Apwouve - Nan apèl, tout Komite te apwouve Peman pwovizwa Salè ak moun ki pa anlwaye sou Fon Ekstèn pou AneFiskal23.

Doktè Alkins te mande konbyen tan delè pwochen pwosesis apèldòf distri a pou yon kontra transpò ye. Direktè transpòtasyon Delavern Stanislaus te dakò pou kontinye bay plis enfòmasyon.

Apwouve - Nan apèl, tout Komite a te apwouve renouvèlman kontra yon ane ant Lekòl Piblik Boston ak founisè transpò Transdev, k ap kouvri peryòd 1ye Jiyè 2022 rive 30 Jen 2023.

Mesye Cardet-Hernandez te ekspri sipò pou investisman yo pwopoze nan enstalasyon MSBA yo. Direktè Jeneral la te di li pral pibliye detay sou kapital investisman distri a nan semèn kap vini yo.

Mesye O'Neill te mande klarifikasyon sou kritè evalyasyon Otorite Bilding Lekòl Massachusetts (MSBA) yo. Ofisyè Finansye Adjwen David Bloom te eksplike MSBA itilize yon sistèm evalyasyon priyorite 1-8, kote chak priyorite gen yon definisyon. Li te di tout pwopozisyon Pwogram Reparasyon Akselere MSBA distri a respekte kritè #5 ki se yon ranplasman sistèm bilding yo. Li te di renovasyon oswa rekonstwiksyon Blackstone Elementary School se priyorite ki pi ijan distri a. Mesye O'Neill te di ke li espere aprann plis sou plan distri a pou jwenn yon lokal pèmanan pou Lekòl Horace Mann lan.

Apwouve - Nan apèl, tout Komite a te apwouve yon mosyon ki otorize Direktè Jeneral la pou l soumèt bay Otorite Bilding Lekòl Massachusetts fòmilè Deklarasyon Enterè sa yo ki gen dat 1ye Jen 2022 oswa anvan, pou lekòl sa yo: Haley Pilot School; Curley K-8 School Lower Building; Burke High School; Henderson K-12 Inclusion Upper School Campus; Ohrenberger School; and English High School.

Apwouve - Nan apèl, tout Komite a te apwouve yon mosyon ki otorize Direktè Jeneral la an pou l soumèt bay Otorite Bilding Lekòl Massachusetts Fòmilè Deklarasyon Enterè ki gen dat 29 avril 2022 oswa anvan pou Blackstone School, ki chita nan 380 Shawmut Avenue, South End, MA 02118 (pwøjè priyorite) ak Otis School, ki chita nan 218 Marion Street, East Boston, MA 02128.

RAPÒ

Mizajou Pwosesis Rechèch Direktè Jeneral la - Doktè Pam Eddinger, ko-prezidan Komite Rechèch Direktè Jeneral la an, te prezante yon mizajou sou pwosesis rechèch la.

27 Avril 2022

Deskripsyon travay la

Yo te poste deskripsyon travay Direktè Jeneral la semèn pase a. Ajans Rekritman JG consulting toujou ap rekrute pou pozisyon an. Komite Rechèch la espere atire yon pakèt kandida ki trè kalifye.

Kalandiye Pwosesis Rechèch la

- Nan mitan mwa Me: Prezantasyon Kandida yo – Komite Rechèch la pral revize tout moun ki aplike yo epi detèmine kandida pou premye seri entèvyou yo.
- Kòmansman Jen: Premye seri Entèvyou yo pral fèt adistans. Komite a pral kontinye diminye kantite a epi idantifye kandida pou yon dezyèm seri, nan entèvyou an pèsòn.
- Nan mitan mwa jen: Dezyèm seri entèvyou yo ak rekòmandasyon finalis yo bay Komite Lekòl la – Komite rechèch la ap fè dezyèm tou entèvyou yo an pèsòn. Komite a pral idantifye ant de a twa finalis nan seri entèvyou sa a pou l rekòmande bay Komite Lekòl la. Responsabilite Komite Rechèch la ap fini yon fwa yo rekòmande finalis yo.
- Nan mitan rive nan fen mwa jen: Komite lekòl la ap fè entèvyou piblik ak finalis yo
- Fen jen: Komite lekòl la ap vote sou chwa final la

Angajman

Sondaj: Nan kad pwosesis angajman kominotè li a, Komite rechèch la te kòmanse yon sondaj rechèch Direktè Jeneral sou entènèt. Sondaj la te fini nan dat 15 avril. Biwo Done ak Responsablite BPS la ak Depatman Inovasyon ak Teknoloji Vil la te prezante yon rezime rezilta sondaj la bay Komite rechèch la nan dat 16 avril. Sondaj la, ki te disponib nan 10 lang, te louvri pou yon ti kras plis pase yon mwa epi te bay plis pase 500 repons. Majorite moun ki reponn yo, 63%, se te paran ak responsab elèv BPS yo.

Sondaj la te mande kominote a ki kalite yo te vle wè nan pwochen Direktè Jeneral la. Plis pase 80% nan moun ki reponn yo te endike konpetans kominikasyon efikas ak demontre lidèchip nan amelyore rezilta pou tout elèv yo trè enpòtan. Eksperyans nan dirije yon distri nan vil, yo dwe toujou abitye prezan epi angaje nan kominote yo, ak konesans sou Boston/BPS se kalite souvan ki te mwens idantifye kòm trè enpòtan.

Tèm kle ki te parèt nan kesyon a repons ouvè a sou ki kalite oswa eksperyans ki enpòtan pou chèche nan pwochen Direktè Jeneral la, gen ladan: Angajman Kominote Lekòl la, Bay Edikasyon Kalite, Kolaborasyon Administratif, Konpreyansyon Sistèm Edikasyon, ak Lidèchip Efikas.

27 Avril 2022

Lè yo te mande ki kesyon yo ta pi renmen kandida yo reponn, sijè komen moun ki reponn yo te idantifye yo, te gen ladan yo: Sipòte Bezwen Divès Aprenan, Satisfè Bezwen Kominote Lekòl la, Refòm Sistematik, Bay Aksè Ekitab nan Edikasyon, ak Amelyore Kalite Edikasyon.

Doktè Eddinger te note done yo te montre moun ki reponn yo pa t reflekte divèsite rasyal, etnik, katye, ak lang popilasyon Jeneral BPS la. Moun ki reponn yo te gen plis chans pou yo abite nan Jamaica Plain, Roslindale, ak West Roxbury pase elèv BPS yo. Moun ki reponn yo te gen mwens chans pou yo abite nan East Boston, Dorchester, Hyde Park, ak Roxbury pase elèv BPS yo. Katrevensenk pousan repons yo te soumèt an Anglè, alòske pou konparezon, de tyè nan fanmi BPS yo prefere resevwa kominikasyon an Anglè. Epitou, repons elèv te trè ba, ak 4% nan repons elèv yo bay. Komite rechèch la ap egzamine fason pou ranfòse opinyon elèv yo nan pwosesis la.

Doktè Eddinger te dekri sondaj la kòm yon pati nan solisyon an pou sa ki konsène kolekte fidbak, anplis sesyon ekout, imèl, ak mesaj tèks ak videyo temwayaj. Tout fidbak sa yo ansanm pral eklèsi apwòch Komite a pou prepare kesyon entèvyou epi finalman finalis yo chwazi yo. Y ap bay Direktè Jeneral la kap vini an fidbak yo tou pou eklèsi travay planifikasyon l.

Lèt Sesyon Ekout

Komite rechèch la ap òganize plizyè sesyon anplis ak ti pati konsène. Se plizyè gwoup konsène k ap òganize epi dirije sa yo. Anplis de sa, Komite Rechèch la ap fè patenarya ak Biwo Majistra a pou l òganize ti gwoup ekout anplis nan senk lòt lang BPS (kreyòl ayisyen, kantonèz, kreyòl kaboverdean, vyetnamyen ak mandaren).

Komite Rechèch la ankouraje gwoup ki vle pataje fidbak pou òganize pwòp sesyon ekout pa yo, epi voye yon rezime alekri nan imel ofisyèl Komite Rechèch la, oswa envite manm Komite Rechèch ki disponib pou patisipe epi koute. Nou ouvè pou n kontinye resevwa fidbak pa imel: superintendentsearch@bostonpublicschools.org oswa atravè videyo temwayaj ak tèks ki soumèt atravè paj rechèch la bostonpublicschools.org/supt-search.

Mesye Cardet-Hernandez eksprime enkyetid konsènan kompleksite kalandriye a, Doktè Eddinger klarifye sa. Li te di angajman piblik t ap fèt pandan pwosesis la.

Doktè Alkins te mande si Komite a ta ka konsidere kite sondaj la disponib. Doktè Eddinger te kalifye sondaj la kòm yon enstriman validasyon, e li te di Komite a ap chèche yon nouvo mwayen pou ankouraje plis opinyon elèv.

Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou estrateji pou atire plis opinyon divès yo. Doktè Eddinger te pale de senk sesyon anplis nan lang natif natal yo k ap bay, ansanm ak sesyon ti gwoup yo.

Doktè Alkins te pale sou enpòtans pou prepare pou revize kalandriye a si rechèch la pa bay yon kantite kandida solid. Doktè Eddinger te di Komite a pral fè yon evalyasyon sou asirans kalite nan chak etap nan revizyon. Li te asire l Komite a pa pral aksepte lòt bagay ke yon kantite aplikan solid epi divès.

27 Avril 2022

Mesye Cardet-Hernandez te sijere pou Komite a planifye pou posiblite pou nonmen yon Direktè Jeneral pwovizwa.

KÒMANTÈ PIBLIK SOU RAPÒ YO

Okenn.

NOUVO PWEN ENPÒTAN

Doktè Alkins te pale sou enpòtans transparans, swivi, ak kominikasyon ant distri a ak fanmi yo. Madan Robinson te dakò paran yo atann responsablite ak transparans. Mesye Cardet-Hernandez te ekspri yon dezi pou wè distri a abòde pwoblèm ki te souve pandan kòmantè piblik yo epi answit rapòte yo bay Komite Lekòl la. Li te mande pou pwochen Rapò Direktè Jeneral la genyen mizajou regilye sou devwa elèv yo pou pwochen ane lekòl la, ansanm ak absans ki pèsiste.

RANVWAYE

Apwouve - Zan zòn 9:30 nan aswè tout Komite a te vote, pa apèl, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif